

**IJAMBO RISHIKIRIWE NA AMBASSADEUR PIERRE CLAVER NDAYICARIYE, UMUKURU W'UMUGWI USHINZWE  
GUTOHOZA UKURI NO KUNY WANISHA ABARUNDI (CVR) MU BIRORI VYO GUTANGUZA IBIKORWA VYO  
KURONDERA IBISIGARIRA VY'ABISHWE BAGATABWA MU BINOGO MU 1972 I GIKUZI MURI KOMINE VUGIZO,  
MU NTARA YA MAKAMBA, GIKUZI, VUGIZO, IGENEKEREZO 15/09/2020**

Nyakubahwa Cegera ca Mbere c'Umukuru w'Inama Shingamateka y'Uburundi,  
Banyakubahwa Bashingamateka namwe Bakenguzamateka mwatowe mu Ntara ya Makamba,  
Nyakubahwa Bulamatari w'Intara ya Makamba,  
Banyakubahwa mwaje ngaha mukora mu Rwego rw'Ubutungane,  
Nyakubahwa Umukuru w'Umugwi w'Igihugu ukurikirana ibibazo vyerekeye agateka ka zina muntu mu Burundi,  
Banyakubahwa Bakomiseri mugize Umugwi w'Igihugu ukurikirana ibibazo vyerekeye agateka ka zina muntu,  
Nyakubahwa Umukuru arongoye Sentare idasanzwe ikurikirana ivyerekeye amatongo n'ayandi matungo,  
Banyakubahwa mwese muserukira inzego z'umutekano n'inyamiramabi,  
Banyakubahwa murongoye Amakomine,  
Banyakubahwa mwaserukiye amadini n'amasesgero,  
Bashingantahe, Bapfasoni mvukantara mwese,  
Batumire bahire,  
Tugire amahoro, ubumwe, ubutungane, iterambere n'ukwubaha ikiremwa muntu mu Burundi bwacu !

Kw'izina ry'Abakomiseri bose dusangiye ubutumwa, munkundire mbanze nshimire umuntu wese yitavye bino bikorwa ; aho twibuka umubabaro, agahinda n'amaganya bitagira izina vyinjiye mu miryangyo yahekuwe mu makuba yashikiye Uburundi mu mwaka wa 1972, cane cane muri Komine Vugizo mu Ntara ya Makamba.

Ibikorwa nk'ibi vyibutsa intuntu ababuze batagaraguye bamaranye imyaka ishika 48. Aha muri Komine Vugizo, imiryango yaratotejwe ; irasanvara ; abantu benshi baricwa batabwa mu binogo no mu tuzu twa surwumwe aha i Gikuzi no mu micungararo yaho ; abagore baragirirwa vya mfurambi imbere y'abavyeyi, hanyuma baricwa batabwa mu binogo. Abacitse kw'icumu barabuze ayo bacira n'ayo bamira ; imiryango yarasahuwe ; impfuyi zirabura icepfo ca ruguru ; abacitse kw'icumu batari bake barangara. Aha duhagaze i Gikuzi, abantu bavuga ko habaye ubwicanyi butagira izina.

Kw'izina ry'imiryango yose yabuze mu Burundi itashoboye guhamba ababo, itashoboye kurira, kugandara no kuganduka, Umugwi CVR urahojeje abo bantu bose ; turunamiye n'urupfasoni rwinshi abishwe bazira urwanko, agasuzuguro, amacakubiri y'amoko canke ya poritike. Abantu bishwe ni benshi cane ; abaryamye mu binogo ng'aha i Gikuzi bazize akagaye, kutubaha agateka ka kiremwa muntu ; abantu bazira intwaro mbi ititayeho umutekano w'abanyagihugu bose mu kubakingira itavanguye amoko.

Nyakubahwa Cegera ca mbere c'Umukuru w'Inama Shingamateka,  
Banyakubahwa Bashingamateka namwe Bakenguzamateka,  
Batumire bahire namwe basangwa,

Ubwicanyi bwabaye mu Burundi mu makuba atandukanye yashikiye igihugu burasiga ubwenge. Ubwabaye hano mu mitumba igize Komine Vugizo mu 1972, abacitse kw'icumu ntibafise ingene babuvuga. Mu bishwe benshi bari abahutu ; bahamagawe mu nama y'amahoro n'ubumwe kw'ikomine : bahamagawe na Musitanteri w'ico gihe akoranye n'abarongoye inzego z'umutekano. Uwo Musitanteri n'ubu aracariho ; Umugwi CVR uzomwegera ; atubwire ivyo yibuka ; ivyo yabonye n'ingene vyagenze. Ivyo kumubaza ivyo yabonye canke yibuka tubirekurirwa n'amategako.

Intara ya Bururi yari ifise Bulamatari w'umusirikare ayiramutswa ; nawe nyene aracariho ; tuzomwegera atubwire ivyo yibuka n'ivyo yabonye. Mu 1972, Rumonge na Makamba batwarwa mu Ntara ya Bururi.

Ubwicanyi bwabaye mu karere k'ubumanuko bwahitanye abanyagihugu basanzwe; abakozi ba Reta; abasirikare n'abajandarume; abacamanza; abagwizatunga; abigisha; abanyeshure; abihebeye Imana n'abandi bantu batandukanye abicanyi barondera kwaka ubuzima.

Imitumba igize Komine Vugizo yarabuze abantu benshi; abahutu benshi barishwe; abakenyezi b'abahutukazi n'abatutsikazi barishwe; kandi benshi baragiriwe vya mfurambi, imbere yo kwicwa no gutabwa mu binogo

muri kino kibanza. Turafise amazina y'abakenyezi bishwe uko. Abashoboye kurokoka barahungiye muri Tanzaniya no muri Congo.

Amakuru mfatakibanza dufise mu Mugwi CVR aremeza ko hari abishwe benshi mu karere k'ubumanuko bagatabwa mu nzuzi; muri Tanganyika; abandi bagasangukira mu mashamba bakaribwa n'ibikoko n'inyoni abandi batabwa mu tuzu twa surwumwe.

*Nyakubahwa Cegera ca Mbere c'Umukuru w'Inama Shingamateka y'Uburundi,  
Banyakubahwa Bashingamateka namwe Bakenguzamateka mwatowe mu Ntara ya Makamba,  
Nyakubahwa Bulamatari w'Intara ya Makamba,  
Banyakubahwa mwaje ngaha mukora mu Rwego rw'Ubutungane,  
Batumire bahire mwese namwe basangwa,*

Iki kibanza duhagazemwo uno musi kirazwi n'abantu benshi; cane cane abahaburiye ababo. Abakuze bakiraho nta majambo bafise asigura neza ivyo baciyemwo. Bavuga ko abishwe bahamagawe mu nama kw'Ikomine; izo nama zitwa iz'amahoro n'ubumwe. Bava mu mitumba ishika mirongo ibiri; bashitse kw'Ikomine, haca haza abatandukanya Abahutu n'Abatutsi. Ivyo rero bakabikora mu kubwira abakuru b'imitumba ko bokwandika inkozi z'ikibi ziri ku mitumba batwara. Abahutu bakaja ukwabo; mu nzu; Abatutsi bakaja hanze. Mu mwanya muto Abahutu bakikuzwa n'abasirikare barindiriye uruhusha rwo gutangura kubarasa. Iki kibuga mubona cari gikikujwe n'abasirikare, nta n'uwashobora gutoroka ngo abace mu myanya y'intoke. Abo Bahutu baza mu nama ataco binona; batazi ko bitavye isango y'urupfu.

Banyakubahwa mwese,

Ibi turiko turashikiriza vyarabaye. Nivyo Abarundi bose bipfuza amahoro bakwiye kumenya; cane cane Abarundi barutse vuba hamwe n'amakungu atazi bikwiye canke azi ukutariko akahise kabi kazingamitse igihugu n'imiryango. Abakiri bato bamenye kandi bige akahise banyegejwe n'abavyeyi babo. Niho Uburundi buzokira.

*Nyakubahwa Cegera ca Mbere c'Umukuru w'Inama Shingamateka y'Uburundi,  
Banyakubahwa Bashingamateka namwe Bakenguzamateka mwatowe mu Ntara ya Makamba,  
Nyakubahwa Bulamatari w'Intara ya Makamba,  
Banyakubahwa mwaje ngaha mukora mu Rwego rw'Ubutungane,  
Batumire bahire mwese,*

Aha turi uno musi hazvi nabi cane ; kuko hatikiriye inganda. Hari n'abashatse kuhubaka ikambi y'igisirikare; amashirahamwe y'abacikacumu arasemerera.

Uno musi, Umugwi CVR umaze kuhemeza ibinogo 8 ; mu kubitora vyaroroshe cane. Turashimiye cane inzego zo kwivuna abansi zikorera hano ingene zadushigikiye. Muri ivyo binogo 8, indwi ni ivyatawemwo abishwe mu 1972 ; kimwe ngo coba cimbwe mu 1997. Tuzobandanya turondera n'ibindi mu misi tuzoba turiko turakorera hano kuko havugwa ko ng'aha haguye abantu batagira igitigiri. Harya hose tubona ibiti vy'amavoka, ngo hoba hari ibinogo vyatawemwo Abarundi n'Abarundikazi bishwe mu 1972. Umuntu wese yokwibaza igituma birya biti vy'amavoka vyatewe hejuru y'ibinogo vyatawemwo abantu. Mu mwaka w'1972, aha niho hari ibiro nya Komine Vugizo na Sentare y'Intango. Irya sentare y'intango mubona harya yasambutse, niyo yakoranirizwamwo abagomba kwicwa. Abimuye ibiro nya Komine, babigize bafatiye ku gahinda iki kibanza gitera imiryango yiciwe ababo ngaha turi uno musi.

Ni aha rero twashimye gutanguza ibikorwa vyo kurondera ibisigarira vy'abishwe muri Komine Vugizo mu 1972. Abishwe bava mu mitumba itandukanye nka Gikuzi, Martyazo, Rutegama, Kiyazi, Rurambira, Gahandu, Kagege, Mutobo, Nyamurinzi, Jongwe, Gitaba, n'iyindi. Yose hamwe ngo yababa imitumba mirongo 20.

*Nyakubahwa Cegera ca Mbere c'Umukuru w'Inama Shingamateka y'Uburundi,  
Banyakubahwa Bashingamateka namwe Bakenguzamateka mwatowe mu Ntara ya Makamba,  
Nyakubahwa Bulamatari w'Intara ya Makamba,  
Banyakubahwa mwaje ngaha mukora mu Rwego rw'Ubutungane,  
Batumire bahire mwese,*

Ibi bikorwa CVR irangura vyerekana ko Abarundi banyotewe amahoro arama ; barakeneye kubaho no kubana neza ; barakeneye ko umugambi wo kunywanisha Abarundi uva mu majambo y'ububeshi n'uburyarya. Ukuri Abarundi banyotewe ni kurya kubabwira neza ivyabaye ; ababikoze ; igituma babiteguye bakabishira mu ngiro; inganda zigasasikwa mu 1965, 1969, 1971, 1972, 1988, de 1991 et de 1993. Ukuri Uburundi banyotewe kuzodukura mu mwijima w'ubwicanyi n'urwanko vyahekuye imiryango y'Abahutu, Abatwa n'Abatutsi.

Mu majambo make, ni bwo butumwa igihugu cashinze uyu Mugwi CVR kugira Abarundi bose bategere ko amaraso yasesetse mu Burundi ari menshi; kugira abavuka uno musi ntibitirirwe ivyo batazi kandi batakoze. Umugwi CVR uripfuza kwigisha no kwibutsa ko umwana w'umwicanyi atitwa umwicanyi. Ukuri Abarundi banyotewe si kurya kwanditswe mu bitabo vyanditswe mu myaka iheze; ni ukuri kunywanisha Abarundi; ukuri Abarundi benshi bahurirako. Ni ikimenyamenya ni uko ata bitabo vyanditswe n'Abarundi canke abanyamahanga bitubwira ibi vyerekeye ibinogo turiko turatora uno musi. Ivyabaye kabaye akamizwe n'ingoma kandi n'intwaro zagiye zirakurikirana zagerageje kubinyegeza uko zishoboye canke zikabivuga ukutariko.

Banyakubahwa mwese,

Uburundi buzokira umusi mu mitima no mu miryango yacu twirukanye ububeshi, agatima k'indyadya no kugaya abandi.

Ibinogo vyatawemwo abishwe twaje kubereka uno musi hano muri Vugizo, mu Ntara ya Makamba bitwibutsa ko amacakubiri y'amoko yiraye mu gihugu ; yereka kandi Abarundi n'amakungu ko twabaye mu binyoma; ko tudakunda igihugu cacu n'abakibamwo. Mbere no kwikunda ntitwikunda; kuko indongozi yikunda ihera kubo irongoye, ikabakingira.

Ivyabaye akamuna hano, ni uko n'abakozi b'lmana bamwe bamwe babigizemwo uruhara. Barataye Bibiriya hasi bafata inkoho n'ibindi bikoresho vyo kugandagura abantu.

Banyakubahwa mwese,

Kuva kw'igenekerezzo rya 25 Myandagaro, umugwi CVR warakoreye muri Komine Makamba na Mabanda aho washoboye gufurura ibinogo birenga indwi n'ibindi wasanze vyarasambuwe. Ivyo binogo vyakuwemwo ibisigarira vy'abantu barenga 400 bishwe. Muri ivyo bisigarira rero vyatowe, mu matohoza umugwi wakoze warashoboye kumenya ko ubwicanyi bwabereye cane cane muri Komine Mabanda, hari imiryango yazimanganye; harishwe imiryango yose badatandukanje igitsina, umukuru n'umuto, uwutunze canke uwukeny. Akarorero gateye ubwoba, ni ikinogo catowe muri zone Kayogoro, umusozzi Karinzi, agacimbiri Butambashi aho hishwe uruyoya rw'amezi atatu yicanwa na nyina n'abo bavukana.

Kuva uno musi rero gushika kw'igenekerezzo rya 26 z'ukwezi kw'icenda, Umugwi CVR uri ku kivi incuro ya kabiri muri Komine Vugizo.

(a) Muri Komine Vugizo, tumaze kwemeza :

- Muri Zone Vugizo, umutumba Gikuzi, ibinogo 8 ; 7 vyatawemwo abantu mu 1972 na kimwe coba catawemwo abishwe mu 1997 ;
- Muri Zone Gishiha, umutumba Rutegama, hafi ya Lycée Gishiha, ikinogo 1 mu kigo c'Ishengero y'Abapantekoti;
- Muri Zone Gishiha kandi, umutumba Jongwe, ikinogo 1 cimbwe mu 1972 ;
- Muri Zone Gishiha, umutumba Martyazo, agacimbiri Rusenyi, ikinogo 1 catawemwo abishwe mu 1972;
- Muri Zone Gishiha kandi, umutumba Rabiro, ikinogo 1 co mu 1972.

(b) Muri Komine Mabanda :

- Muri Zone Kayogoro, umutumba Karinzi, agacimbiri Musebeyi, ikinogo 1 co mu 1972;
- Muri Zone Gitaba, umutumba Karonge, agacimbiri Murenge, ikinogo 1 co mu 1972.

Muri Zone Gisenyi, ku mitumba Gisenyi na Munonotsi ya Komine Makamba, Umugwi CVR waraganiriye n'abatama babonye vyinshi; bamwe muribo barakoreshejwe mu guta mu binogo abishwe. Nibo batweretse ibinogo batadidinganaya. Ni nk'ibitangaro vy'Imana.

Umugwi CVR uramaze kuganira n'Abarundi b'Abahutu n'Abatutsi bakoreshejwe bitwa ba "Mulele" mu 1972. Uno musi ni abanyagihugu basanzwe.

Banyakwubahwa mwese,

Haciye amayinga abiri Umugwi CVR utanguye gukorera mu Ntara zo mu bu manuko (Rumonge, Makamba, mu misi iza uyu Mugwi uzokorera mu Ntara ya Bururi). Ivyavuzwe vyose kuri ba "Mulele" ; ku ngendo zoba zaragizwe n'abategetsi bakuru mu Rumonge buca hatangura ubwicanyi bwo kw'igenekerezo rya 29 Ndamukiza 1972 ; ku vyerekeye ihiganwa ry'umupira w'amaguru wari wateguwe mu Rumonge ; ivyerekeye intambo zo kwinezereza zari zateguwe ngo mu Ntara zose bita "Soirées dansantes" ; uwahoze ari umwami w'Uburundi Ntare wa gatanu yiciwe mw'ikambi y'Abakomando i Gitega ... ivyo vyose Umugwi CVR uriko urabitohoza.

Mu gutohoza, turibaza kandi tukarondera kwumva no kumenya ingene urwimo rwokwaduka igenekerezo rya 29 Ndamukiza 1972, hanyuma bukeye hakaboneka intonde z'Abarundi bahagarikwa kandi bagaca biccwa mu gihugu cose. Izo ntonde zateguwe ryari ? Zateguwe na nde ? N'ibibazo bihambaye ku Murwi ushinzwe gutohoza no kunywanisha Abarundi. Ayo matohoza asaba ubwitonzzi, umwanya ukwiye n'ubuhinga.

Mu kurangiza rino jambo,

Turasubiye gushimira abantu bose n'inzego zose zifata mu mugongo ibikorwa vy'uyu Mugwi.

Mu misi mike tumaze turiko turakorera ng'aha, twarabonye ko abacikacumu bo ng'aha baba mu bwoba budasanzwe bivye kuvyo babayemwo ariko kandi n'ababikoreye bakiriho baguma babatera ubwoba. Umugwi CVR urakora urondera ukuri kunywanisha bose, nta n'umwe rero yategerezwa kugira ubwoba. Ikibi cakozwe, gitegerezwa kuvugwa no kwiyamirizwa na bose. Kutavuga ukuri kuvyabaye, ni nkokubika ikara mu dushambara kuko ureka kubivuga bikakumunga, wahisha inkozi y'ikibi ejo ikaguhindukirira.

Twese turakeneye kumenya ivyabaye mu ntumbero yo kwubaka igihugu gishingiye ku nkingi z'amahoro arama.

Twibutse kandi ko amategeko agenga umugwi CVR avuga yuko uwugergeje wese kuba intambamyi mu bikorwa vy'umugwi CVR n'uwigergeza kunyegeza ukuri akuzi ahanwa hakurikijwe igitabu c'amategeko mpanavyaha.

Twese dukunde igihugu cacu, dufashanye cubakirwe k'ukuri.

Banyakwubahwa mwese,

Mu baje ngaha hari abashitse muri Komine Vugizo ubwa mbere ; uvuye i Bujumbura, urugendo si ruto. Ibikorwa vy'uyu Mugwi bikurikirwa n'Abarundi benshi, abo mu gihugu hagati no mu mahanga nka Reta zunze Ubumwe z'Amerika, Canada, Australiya, Ibulaya. Abpfakazi n'impfuvyi bakiriho ntibari bazi ko iki gihe kizoshika.

Dusabe rero Imana Mushobora vyose idufashe Abarundi twese duhinduke kugira abakanguriramahoro n'amakangurirubumwe babe benshi mu gihugu cacu.

Niharambe ukuri n'amahoro mu Burundi bwacu !  
Niharambe kunywana hagati y'Abarundi bose !

Murakoze!